

KISA KI RELE YON SANT POU DEFANN DWA TIMOUN (CAC)?

Sant pou Defann Dwa Timoun (CAC) yo se sant pou sèvi timoun kote gen ekip plizyè kalite pwofesyonèl (MDT) ki gen ladan yo: anplwaye Depatman Sèvis Sosyal, anplwaye lapolis, pwofesyonèl medikal ak sante mantal, komisè gouvènman, ak avoka pou viktim; moun sa yo travay ansanm pou pote solisyon lè gen rapò ki fèt sou abi seksyèl ak sou abi fizik grav sou timoun.

Yo fonde CAC yo pou redui tansyon lespri timoun ki viktim abi, ak moun nan fanmi yo ki pa fè yo abi; metòd ki sèvi pou objektif sa a se ankèt ak entèvansyon. Lè yo konsantre, anvan tout lòt bagay, sou bezwen timoun ak fanmi yo, CAC yo rive fè ansòt pou yo resevwa sèvis ki enpòtan pou yo, an menm tan yo rive mennen bon jan ankèt. CAC yo redui bezwen ti moun lan pou l "rakonte sa ki pase a" plizyè fwa. Se pou sa CAC yo òganize entèvyou egzamen (pou tande sa ki pase) pou pran enfòmasyon chak manm MDT a bezwen pou yo rive fè ankèt la byen sou abi yo di ki rive yo.

CAC yo pèmèt timoun yo ak fanmi yo an kontak avèk sèvis medikal, sante mantal, defans dwa viktim, ak lòt sèvis yo kapab bezwen, dapre chak ka. Yo ede yo jwenn pwofesyonèl sante ki gen konpetans espesyal pou yo fè bon kalite evalyasyon pou tretman ak pou ankèt laboratwa, tankou sèvis Enfimyè Egzaminatè pou Timoun ki Viktim Abi Seksyèl (Pedi SANE). Se patenarya avèk CAC yo ki pèmèt koneksyon sa yo fèt.

KISA KI RELE MASSACHUSETTS CHILDREN'S ALLIANCE?

Massachusetts Children's Alliance (MACA, ki se Alyans pou Timoun nan Massachusetts la), se yon chapit ki fyè dèske l ap reprezante National Children's Alliance (NCA, ki se Alyans Nasyonal pou Timoun lan) nan Eta sa a. Nan pami manm nan MACA yo, genyen 11 CAC ki sèvi chak nan distrik jidisyè Massachusetts yo. MACA ede òganize yon repons entegre ann ekip ant plizyè kalite pwofesyonèl pou ka kote yo fè timoun abi, epi l ap fèt tout sa li kapab pou ankouraje kolaborasyon ak chanjman nan sistèm ak nan sosyete a pou pwoteje timoun. Avèk kolaborasyon òganizasyon CAC yo, chapit la veye pou timoun yo ak moun ki nan fanmi yo rive jwenn bon kalite sèvis total, ki espesyalize, epi ki konprann kilti moun CAC yo kapab ofri.

Vizyon MACA se ankouraje yon anviwonman kote timoun pa viktim abi seksyèl, ni fizik, ni emosyonèl, ni neglijan, epi kote yo trete timoun avèk diyite ak respè.



MASSACHUSETTS CHILDREN'S ALLIANCE

14 BEACON STREET, SUITE 505

BOSTON, MA 02108


P: 617.573.9800 | E: maca@machildrensalliance.org

www.machildrensalliance.org

Sant pou Defann Dwa Timoun

NAN MASSACHUSETTS

Haitian Creole



KISA OU KA ATANN OU POU YO FÈ NAN YON SANT POU DEFANN DWA TIMOUN?

KI KOTE CAC YO YE NAN MASSACHUSETTS?

Ankèt Ekip MDT a: ankèt sa yo pèmèt ajans ki travay ansanm yo jwenn yon repons rapid ki byen koresponn ak sikonstans yo, lè gen yon timoun ki viktim abi seksyèl oswa abi fizik grav.

Entèvyou Laboratwa: MDT a òganize yon sèl entèvyou pou timoun lan; moun ki mennen entèvyou a, se yon sipèvizè ki resevwa fòmasyon espesyal pou fè entèvyou yon jan ki koresponn ak sikonstans yo, nan kondisyon legal.


Sèvis Medikal: evalyasyon medikal ak tretman ki koresponn ak sa moun lan bezwen; se pwofesyonèl sante ki espesyalize nan ka timoun ki viktim abi, ki fè sèvis sa yo.

Sèvis pou Sante Mantal: CAC yo pèmèt jwenn sèvis sante mantal espesyalize pou timoun ki viktim abi, ak pou moun nan fanmi yo ki pa fè timoun lan abi, oubyen nan sant yo, oubyen nan kote ki fè sèvis sa yo nan kominote a.

Konseye pou Viktim: konseye yo bay enfòmasyon sou dwa viktim yo, sou kesyon sekirite, ak sou koneksyon avèk sèvis pwofesyonèl, nan pwosedi devan tribinal.

Sèvis pou Vyolans anndan Fanmi: gen pwofesyonèl ki evalye danje vyolans yo, epi ki fè sèvis sipò, fè plannifikasyon pou sekirite, epi ede jwenn enfòmasyon ak koneksyon pou sèvis pwofesyonèl.

Se Depatman Sante Piblik Massachusetts ak Alyans Nasyonal pou Timoun ki pèmèt pibliye tiliv sa a.



CHAPIT POU ETA A

Massachusetts Children's Alliance
Sit Wèb: www.machildrensalliance.org
Telefòn: 617-573-9800

THE CAPE & ISLANDS

(Barnstable, Nantucket & Dukes Counties)
Children's Cove: The Cape and Islands Child Advocacy Center
Sit Wèb: www.childrencove.org
Telefòn: 508-375-0410

BERKSHIRE COUNTY

Berkshire County Kids' Place
Sit Wèb: www.kidsplaceonline.org
Telefòn: 413-499-2800

BRISTOL COUNTY

Children's Advocacy Center of Bristol County
Sit Wèb: www.cacofbc.org
Telefòn: 508-674-6111

ESSEX COUNTY

Essex Children's Advocacy Center
North Shore Children's Hospital
Sit Wèb: www.essexcac.com
Telefòn: 978-354-2819

ESSEX COUNTY

(continued)
Essex County Child Abuse Project/ Essex District Attorney's Office
Sit Wèb: www.mass.gov/da/essex
Telefòn: 978-745-6610

HAMPDEN COUNTY

Family Advocacy Center at Baystate Children's Hospital
Sit Wèb: www.baystatehealth.com/fac
Telefòn: 413-794-9816

MIDDLESEX COUNTY

Middlesex Children's Advocacy Center
Sit Wèb: www.middlesexda.com
Telefòn: 781-897-8400

NORFOLK COUNTY

Children's Advocacy Center of Norfolk County
Sit Wèb: www.mass.gov/da/norfolk/CAC/index.html
Telefòn: 781-830-4800 x310

NORTHWESTERN DISTRICT

(Franklin & Hampshire Counties)
Northwestern District Attorney's Children's Advocacy Center
Telefòn: 413-586-9225

PLYMOUTH COUNTY

Conway Children's Advocacy Center of Plymouth County
Sit Wèb: www.mass.gov/da/plymouth/CAC/cac.html
Telefòn: 508-580-3383

SUFFOLK COUNTY

Children's Advocacy Center of Suffolk County
Sit Wèb: www.mass.gov/dasuffolk/cac.html
Telefòn: 617-779-2146

WORCESTER COUNTY

Children's Justice Center at UMASS Children's Medical Center Child Protection Program
Sit Wèb: www.umassmemorial.org/medicalcenterip.cfm?id=2223
Telefòn: 508-856-6629

Worcester County District Attorney, SAIN Team and Child Abuse Unit
Sit Wèb: www.worcesterda.com
Telefòn: 508-792-0214